POINCIANA STEM ELEMENTARY
SCIENCE TECHNOLOGY ENGINEERING MATH

Kontra Lekòl-Paran

Poinciana STEM Elementary School

Ane lekòl 2026-2027

Shannon Stockman, Direktè **La'Crista Parker, Asistan Direktè**

Pwofesè, anplwaye, fanmi yo ak elèv Poinciana STEM Elementary School dakò ke kontra sa a esplike kijan nou pral pataje responsablite pou amelyore siksè akademik elèv yo. Kontra a esplike ki jan lekòl la ak fanmi yo pral kolabore pou konstwi ak devlope yon tèt zanmitay ki sipòte timoun yo nan reyisit nan yon anviwònman aprantisaj ki bay sipò e ki efikas, ki pèmèt elèv yo satisfè nòm segondè siksè akademik Eta a.

Anplwaye lekòl la pral travay avèk elèv yo ak paran/fanmi yo pou sipòte siksè akademik elèv yo nan:

- **Bay bon jan kalite kourikoulòm ak ansèyman nan yon anviwonman aprantisaj ki bay sipò e ki efikas ki pèmèt timoun kap patisipe yo satisfè nòm Eta a pou reyisit akademik elèv yo nan fason sa a:**
  - Asire yon anviwònman ki an sekirite ak ankourajan
  - ranfòse efikasite ansèyman an nan kenbe pwofesè yo enfòme sou estrateji ansèyman ki pi aktyèl yo
  - Ogmante siksè elèv yo nan lekti, ekriti, matematik, ak syans
  - Kolabore ak paran yo ak kominote a nan yon tèt ansanm ki baze sou kominikasyon ak respè youn pou lòt
  - Anseye ak sipòte valè yo debaz tankou : onètete, kontwòl tèt yo, respè, jantiyès, sitwayènte, tolerans, tèt ansanm, ak responsablite.
- **Kondwit konferans paran-pwofesè pandan yo ap diskite kontra sa a jan li gen rapò ak siksè endividyèl timoun nan.**
- **Bay paran yo rapò souvan sou pwogrè pitit yo. Espesyalman, lekòl la pral bay rapò nan fason sa:**
  - Y ap bay rapò pwovizwa nan mwatye nan chak trimès
  - Yo pral bay kanè yo nan fen chak trimès
  - Y ap voye nòt egzamen ofisyèl yo yon fwa ke Depatman Edikasyon Florid resevwa yo
  - Voye mesaj Bay elèv ak paran/gadyen yo tanzantan sou evalyasyon ak done yo

Paran/fanmi yo pral travay avèk pitit yo ak anplwaye lekòl yo pou sipòte siksè akademik elèv yo nan:

- Jwe yon wòl aktif nan aprantisaj pitit yo lè yo patisipe nan aktivite fòmasyon paran/fanmi yo pou aprann teknik pou ede ogmante siksè lekòl pitit yo pou kapab satisfè nòm nivo klas Eta a, oswa fè volontè.
- Patisipe nan pwosesis pou pran desizyon ki gen rapò ak edikasyon pitit yo pou ogmante siksè nan lekol yo
- Kenbe bon jan kominikasyon, ak pwofesè pitit yo tanzantan
- Sipòte aprantisaj pitit yo nan kay la nan pratike ladrès, ede ak devwa, revize ak siyen ajanda chak jou.
- Asire ke elèv yo ale lekòl chak jou alè epi yo pare pou aprann

Elèv yo pral travay avèk paran/fanmi yo ak pwofesè (yo) pou amelyore siksè akademik yo nan:

- Pale ak paran/manm fanmi yo sou aprantisaj yo nan lekòl la
- fè pratik sou sa y ap anseye nan lekòl la lakay ou epi fè devwa yo
- kominike ak lakay la sa ki soti nan lekòl la epi pataje ak paran/manm fanmi (flyers, bilten, avi, lèt, elatriye)
- Vin lekòl chak jou, alè, pare pou aprann, epi suiv tout règ ak metòd lekòl yo
- Pote ajan/planifikatè elèv la siyen nan lekòl la chak jou

---------- Koupe isit la epi retounen bay pwofesè pitit ou a ----------

_____	_____	_____	_____
Direktè a	Dat	Paran/Gadyen	Dat
_____	_____	_____	_____
Pwofesè	Dat	Elèv	Dat

THE SCHOOL DISTRICT PALM BEACH COUNTY